

PWOGGRAM KONEKTIVITE ABÒDAB

Ede Fwaye Yo Konekte

Pennsylvania
WORK SMART. LIVE HAPPY.

KILÈS KI ELIJIB?

Yon fwaye elijib pou Pwogram Konektivite Ki Abòdab la si revni fwaye a nan nivo 200 oswa pi ba nivo sa a selon [Machaswiv Federal la sou Povrete](#), oswa si yon manm nan fwaye a satisfè omwen youn nan kritè ki anba a:

- Li te resevwa yon Sibvansyon Federal Pell pandan aktyèl ane atribisyon an;
- Li satisfè kritè elijiblite yo pou yon aktyèl pwogram entènèt pou moun ki gen fèb revni nan men yon founisè k ap patisipe;
- Li Patipise nan youn nan pwogram asistans sa yo:
 - Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP)
 - Medicaid
 - Asistans Lojman Piblik Federal la
 - Revni Sekirite Siplementè (SSI)
 - Pwogram Nitrisyon Siplementè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC)
 - Pansyon pou Ansyen Konbatan ak Avantaj pou Sivivan
 - Pwogram Ti Dejne ak Manje Midi Nan Lekòl Gratis ak Pri Redwi
 - [Lifeline](#)

Vizite [fcc.gov/ACP](#) pou jwenn yon FAQ pou Konsomatè ak lòt resous pwogram yo.

DE ETAP POU ENSKRI

1. Ale sou [AffordableConnectivity.gov](#) pou soumèt yon aplikasyon oswa pou enprime yon aplikasyon pou voye pa lapòs; epi
2. Kontakte founisè prefere l k ap patisipe a pou seleksyone yon plan ak pou fè aplike rabè a nan fakti ou an.

Kèk founisè kapab genyen yon lòt aplikasyon yo pral mande w pou ranpli.

Fwaye ki elijib yo dwe alafwa aplike pou pwogram nan epi kontakte yon founisè k ap patisipe pou kapab seleksyone yon plan sèvis.

KIJAN YO PWOTEJE KONSOMATÈ YO?

Règ FCC yo pwoteje benefisyè Pwogram Konektivite Abòdab la pandan y ap:

- Bay konsomantè posiblite pou chwazi plan sèvis ki pi byen reponn ak bezwen yo (ki gen ladan yon plan yo kapab te deja sou li);
- Asire ke konsomatè yo genyen aksè nan sèvis entènèt ki rapid anpil ki sipòte san konsidere sitiyasyon kredi yo;
- Entèdi founisè yo ekskli konsomatè ki gen balans pase ki pa peye oswa pa anpeche moun ki gen dèt pase yo enskri nan pwogram nan;
- Anpeche yo pou yo pa fòse konsomatè yo enskri nan plan ki chè oswa nan plan ki gen mwens kalite pou kapab resevwa ACP;
- Asire ke konsomatè yo pa responsab pou frè yo si y ap kanpe kontra a bonè;
- Redwi risk pou fakti pa sipriz yo oswa lòt domaj finansye yo;
- Pèmèt benefisyè ACP yo chanje founisè oswa òf pou sèvis entènèt rapid yo; epi
- Bay [yon pwosesis FCC ki fèt pou plent ACP yo](#).

LÒT ENFÒMASYON ANPLIS

Vizite [fcc.gov/ACP](#) pou jwenn yon FAQ pou Konsomatè ak lòt resous pwogram yo.

Si ou bezwen pale ak yon moun sou elijiblite w oswa sou sitiyasyon aplikasyon ou an, rele Sant Sipò ACP a nan (877) 384-2575.

Pwogram Konektivite Abòdab la (ACP) se yon pwogram FCC ki konekte fanmi ak fwaye ki gen difikilté pou peye sèvis entènèt. Pwogram Konektivite Abòdab la bay:

- Jiska \$30/rabè pa mwa pou sèvis entènèt ki rapid anpil;
- Yon rabè yon sèl fwa jiska \$100 pou yon laptòb, òdinatè
 - biwo, oswa pou yon tablèt yo achte atravè yon founisè k ap patisipe si fwaye a kontribye plis pase \$10 men mwens pase \$50 nan pri acha a.

Pwogram Konektivite Abòdab la limite ak yon sèl rabè sèvis chak mwa ak rabè sou yon sèl aparèy pa fwaye.

